

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2017/2018 saméméh ngagunakeun média *photostory* kagolong kana katégori can mampuh. Katitén tina rata-rata penteunna 70,8 tina KKM 75. Ieu hal dumasar kana skor anu dipeunteun aya eusi, organisasi eusi, adegan basa, kosa kecap jeung éjahan. Tina 26 siswa, aya 18 siswa atawa 69,23% anu can nyumponan KKM atawa peunteun kurang ti 75, sedengkeun 8 siswa atawa 30,77% geus nyumponan KKM. Peunteun panggedéna 83, sedengkeun pangleutikna 60. Kamampuh nulis iklan layanan masarakat dina aspék eusi rata-rata skorna 3,5 tina skor maksimalna 5 kaasup kana kategori cukup; dina aspék organisasi eusi rata-rata skorna 3,6 tina skor maksimalna 5 kaasup kana kategori cukup; dina aspék adegan basa rata-rata skorna 3,6 tina skor maksimalna 5; dina aspék kosa kecap rata-rata skor 3,4 tina skor maksimal 5, kaasup kana kategori cukup; dina aspék éjahan rata-rata skor 3,4 tina skor maksimal 5 kaasup kana katégori cukup; dina aspék karapihan rata-rata skor 3,8 tina skor maksimal 5 kaasup kana kategori cukup.
- 2) Kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun média *photostory* kagolong kana katégori mampuh. Katitén tina rata-rata penteunna 78,5 tina KKM 75. Ieu hal dumasar kana skor anu dipeunteun aya eusi, organisasi eusi, kosa kecap, adegan basa, jeung éjahan. Tina 26 siswa, aya 6 siswa atawa 23,1 % anu can nyumponan KKM atawa peunteun kurang ti 75, sedengkeun 20 siswa atawa 76,9% geus nyumponan KKM. Peunteun panggedéna 87, sedengkeun pangleutikna 67. Kamampuh nulis iklan layanan masarakat dina aspék eusi rata-rata skorna 4 tina skor maksimalna 5 kaasup kana kategori hadé; dina aspék organisasi eusi rata-rata skorna 4,2 tina skor maksimalna 5 kaasup kana kategori hadé; dina aspék adegan basa rata-rata

skorna 3,6 tina skor maksimalna 5 kaasup kana kategori cukup; dina aspék kosa kecap rata-rata skor 3,7 tina skor maksimal 5, kaasup kana kategori cukup; dina aspék éjahan rata-rata skor 3,8 tina skor maksimal 5 kaasup kana katégori cukup; dina aspék karapihan rata-rata skor 4,3 tina skor maksimal 5 kaasup kana kategori hadé.

- 3) Béda signifikan antara kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory*. Katitén tina hasil uji hipotésis data *prétest* jeung *posttest* anu nuduhkeun yén  $t_{itung} (6,875) > t_{tabel} (2,485)$ . Ieu hal dumasar kana skor anu dipeunteun aya eusi, organisasi eusi, kosa kecap, adegan basa, jeung éjahan. Rata-rata peunteun nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI ngaronjat, kalawan béda rata-rata 7,7. Ku kituna, hipotésis ( $H_a$ ) ditarima nyaéta aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajaran 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory*, bisa ditarima.

## 5.2 Implikasi

Média *photostory* dilarapkeun dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat meunang sawangan positif ti guru jeung siswa. Dilarapkeun média *photostory* miboga rojongan anu hadé ti siswa jeung guru. Ieu hal dilantarankeun dina prak-prakan pangajaran nulis iklan layanan masarakat anu ngagunakeun média *photostory* ngirut jeung pikaresepeun. Salian ti éta, ngagunakeun média *photostory* bisa méré *stimulus* ka siswa sangkan bisa ngébréhkeun ide/gagasanna anu diwangun dina imajinasi jeung ayana média *photostory* ngadumaniskeun kamampuh nulis iklan layanan masarakat dibarengan kréatifitas jeung imajinasi siswa nepi ka siswa gampang maham kana materi, teu bosen, aktif ogé hasil anu hadé kana pangajaran nulis iklan layanan masarakat.

## 5.3 Rekomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan média *photostory* dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2017/2018, dipedar di handap.

Leni Anggraeni, 2018

MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Média *photostory* bisa ngaronjatkeun nulis iklan layanan masarakat. Ku kituna média *photostory* bisa dijadikeun salasihiji média alternatif pikeun guru dina ngalarapkeun pangajaran nulis iklan layanan masarakat di sakola. Tapi, kudu dibarengan ku model pangajaran anu merenah kana pangajaran iklan layanan masarakat sangkan bisa ngalatih média pangajaran anu bener.
- 2) Dibutuhkeun panalungtikan ngeunaan média *photostory* anu ngagunakeun métode lian sangkan meunangkeun ambahan anu leuwih lega.
- 3) Dibutuhkeun média anu séjén dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat.
- 4) Keur panalungtik séjén, dipiharep aya panalungtikan ngeunaan pangajaran iklan layanan masarakat nu leuwih ngabuktikeun kaéféktikan média *photostory*.

Sanajan hasil panalungtikan kawilang aya peningakatan. Aya genep siswa anu teu aya peningkatan dina *pretest* jeung *posttests*. Ku sabab, dua siswa teu sosen-sosen diajar iklan layanan masarakat. Ku kituna, sacara umum média *photostory* bisa ningkatkeun kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP laboratorium Percontohan UPI kalayan hadé.